

Kitab Suci Bocah
nyuguhaké



Nuh lan
Banjir Gedhe



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Byron Unger; Lazarus

Dibesut déning: M. Maillot; Tammy S.

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2011 Bible for Children, Inc.

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak
crita iki, waton ora kanggo diedol.



Nuh iku wong sing
ngabekti marang
Gusti Allah.

Wong-wong liyané
padha

sengit

lan ora


manut

dhawuhé

Gusti.



Ing sawijining
dina Gusti Allah
ngendikaaké barang
sing ngagètaké
banget.



"Ingsun bakal
nyirnaaké bumi
sing jahat iki,"
ngendikané marang

Nuh.

"Mung
kaluwargamu
sing
bakal
slamet".



Gusti Allah dhawuh marang
Nuh supaya waspada lan
siap-siap amarga arep ana
banjir gedhé banget ing
salumahing
bumi.



"Sira gawéya prau saka kayu,
gawéya sing gedhé supaya
cukup kanggo kaluwargamu
lan kéwan-kéwan sing
akèh," dhawuhé

marang

Nuh.



Gusti Allah maringi arahan
sing cetha lan *rinci* banget
marang Nuh. Nuh
nglakoni kabèh
karépotan
mau!





Wong-wong
padha nggeguyu
bareng
Nuh

nerangaké
kenang-apa
dhèwèké gawe
prau.





Nuh tetep
mbangun.
Nuh
uga

tetep
nyritakaké
bab Gusti
marang
wong-wong
liya.





Nanging
ora ana sing
ngrungokaké.



Nuh duwé
iman-kapercayan
sing gedhé.




percaya marang
Gusti Allah senadyan
dhewèké ngerti nek
sakdurunge
iku ora tau
udan.




Saiki praune wis
dadi lan sedhiya diisi
barang-barang
kabutuhan.




Banjur para kéwan padha teka.




Gusti ngasta kabèh jenis kéwan,
sajenis ana sing pitu; ana
sing loro.



Bangsa manuk gedhé lan cilik,
kéwan galak cendhèk lan
dhuwur, ...



... kabèh padha nuju menyang prau.




Mbokmenawa wong-wong
padha moyoki lan madani
Nuh nalika nglebokaké
kéwan-kéwan iku.



Wong-wong mau ora mandheg
anggoné gawé dosa marang
Gusti Allah. Ora ana sing
njaluk melu mlebu
nang
prau.



Pungkasané kabèh



bangsa
kéwan lan
manuk wis
mungguh
nang prau.



"Mara mlebua



nang prau,"
dhawuhé
Gusti
marang
Nuh. "Sira
lan kulawargamu
kabèh".




Nuh, garwané lan




putrané
lanang telu
sarta para
garwané
mlebu nang
prau. Banjur
Gusti Allah nutup
lawangé prau!






Banjur
mulai udan.
Udané deres
banget ngesoki
bumi nganti patang
puluh dina patang
puluh wengi.






Banjir
nyrambahi
kabèh kutha
lan désa.





Bareng wis
terang, kétok yèn
gunung-gunung uga
kelelep. Samubarang sing
ambegan padha mati.



Nalika banyuné
mungguh, prauné
Nuh kemambang
nang nduwuré.
Mbokmenawa nang
jero prau iku
peteng, sesak,
utawa malah
medèni.



Nanging prau iku
ngayomi Nuh
saka banjir.



Sakwisé limang wulan
banjir, Gusti Allah ngutus
angin kanggo nggaringaké.



Alon-alon prauné Nuh
sumèlèh ing pucuk
gunung Ararat.





Bubar iku, Nuh isih kudu
tetep nang jero prau
patang puluh dina
manèh,
lagi

banyuné
asat.



Nuh banjur ngaburaké manuk gagak
lan dara metu jendéla prau. Jebul
manuk darané balik nang Nuh
amarga durung nemu dharatan
resik sing bisa kanggo ménclok.





Let seminggu,
Nuh nyoba
manèh. Manuk
dara bali, nggawa
godhong wit jaitun
ing cucuké.





Let seminggu
manèh Nuh
mangerti yen
lemahé wis garing,
amarga manuk dara
mau wis ora bali manèh.



Gusti ngendika marang Nuh
yèn iki wis wektuné padha
metu saka
prau.



Banjur bebarengan, Nuh
lan keluwargané ngedhun-
edhunaké
para kéwan.



Mesthi waé
atiné Nuh kebak
pamaturuwun.



Dhewèké
banjur
mbangun
misbah lan
nyembah marang
Gusti Allah ...



... sing wis
nylametaké
dhewèké lan
keluwargané
saka banjir
sing nggegirisi
iku.





Gusti Allah
banjur
paring janji
sing apik banget.

Gusti Allah
ora bakal
ngukum dosane
manungsa sarana
banjir maneh.





Gusti Allah
ngasta
tandha
pangéling-éling
marang

janji mau.
Tanda janjiné
Gusti Allah iku
awujud kluwung.



Nuh lan
kaluwargané
banjur miwiti
samubarang
anyar



bakda banjir.



Suwéning
suwé, keturunanné
Nuh dadi bangsa
manèh, dadi

pendhudhuk
bumi.



Kabeh
bangsa ing bumi
asalé saka Nuh lan
anak-anaké.



Nuh lan Banjir Gedhe

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Purwaning Dumadi 6 - 10

“Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi.” Jabur 119:130



cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggalé, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.



Yen kowé percaya yen iki bener,
mara matura marang Gusti mengkéné:
Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados
bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados
manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa
kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih.
Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya
dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal
ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan
kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula
supados saged tansah mbangun turut dhumateng
Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra
Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti
Yésus saben dina! Yohanes 3:16

